# Shomanayda sharwashılıqtı rawajlandırıw boyınsha jańa joybar iske qosıldı

Qaramalshılıqtı rawajlandırıw boyınsha Shomanay rayonı Qarabaylı mákan puqaralar jıyını aymaǵında «Begjaplı Beksultan-sharwa» fermer xojalıǵında jańa joybar iske qosılǵan bolıp, bul joybardı ámelge asırıw maqsetinde rayon hákimligi tárepinen qurılıs jumısları ushın jer maydanları ajıratıp berildi.

Image not found or type unknown

Sonday-aq, Xalqbank tárepinen 1 mlrd 750 mln swm ajıratılıp, usı jılı Germaniya mámleketinen Golshtein násilli 63 bas qaramal alıp kelindi.

Joybardı ámelge asırıwdan maqset sútti qayta islew arqalı xalqımızdıń sapalı sút ónimlerine bolǵan talabın qanatlandırıw bolıp tabıladı. Sonıń menen birge fermer xojalıǵında jańadan bes jumıs ornı jaratıldı.

Image not found or type unknown

Shomanay rayonı hákimligi málimleme xızmeti